


Resous

SONJE - Resous sa yo mande pou itilizatè a aplike chanjman yo nan browser (navigatè) li pou opsyon tradiksyon nan aparèy pèsònèl yo.


Google Translate


Ekstansyon *Google Translate* ki nan *Chrome Browser* kapab tradui paj entènèt nan yon lang prefere.

Ekstansyon *Google Translate* la se yon zouti ki pèmèt ou tradui paj entènèt, tèks, ak diskou nan plis pase 100 lang. Pou itilize ekstansyon *Google Translate* la, ou bezwen enstale li nan [Chrome Web Store](#) a. Apre ou fin enstale ekstansyon an, w ap wè yon senbòl *Google Translate* nan kote ki genyen senbòl yo nan *browser toolbar* ou a. Ou kapab klike sou senbòl ki an **ble** (anwo adwat) pou jwenn aksè nan karakteristik ekstansyon yo.




Itilize Ekstansyon Tradiksyon



1. Ouvri *Browser* (Navigatè) *Chrome*
2. Ale nan Paj Entènèt ou prefere a
3. Nan kwen anwo adwat paj la, chwazi senbòl sa a 
4. Chwazi *Translate*



5. Chwazi lang ou prefere lè pwochen paj la parèt



Chanje lang debaz la nan browser entènèt ou a Google Chrome

1. Ouvri *Browser* (Navigatè) *Chrome*
2. Nan kwen anwo adwat paj la, chwazi senbòl sa a 
3. Klike sou **Settings** nan meni ki genyen plizyè opsyon an.
4. Nan *paj* Paramèt (*Settings*) nan, nan meni navigasyon agòch la, chwazi **Languages**.
5. Sou bò dwat *paj setting* nan, chwazi opsyon **Language**.
6. Klike sou lyen **Add Languages**.
7. Nan *paj Add languages* ki parèt la, klike sou ti bwat ki akote youn oswa plizyè lang, epi klike sou bouton **Add** la. *Ou kapab tou chèche plizyè lang lè w itilize search field ki nan kwen anwo adwat la.*
8. Lang ki fenk chwazi yo ta dwe parèt nan seksyon *Language*. Pou chwazi youn, klike sou senbòl  ki adwat lang lan epi tcheke bwat ki akote **Display Google Chrome in this language**.
9. Klike bouton **Relaunch** la, oswa fèmen epi relouvri *Browser* (Navigatè) *Chrome* ou a pou montre nouvo lang lan.

Firefox

Firefox te ajoute karakteristik tradiksyon ki pèmèt moun kap itilize li yo navige sou entènèt nan lang yo prefere. Moun kap itilize li yo ap bezwen genyen vèsyon *Firefox 118* oswa vèsyon pi resan pou genyen opsyon pou tradiksyon.

Tradui tout paj la

1. Ouvri *paj* navigatè *Firefox* epi chwazi senbòl tradiksyon an nan *toolbar* a oswa chwazi *Translate page from the menu*.
2. *Firefox* ap detekte lang *paj* la otomatikman pou seksyon "*Translate from*" **anlè** nan meni ki genyen plizyè opsyon an. Ou kapab manyèlman chanje li tou.
3. Chwazi lang pou tradiksyon ou prefere a, **anba** nan meni ki genyen plizyè opsyon an.
4. Klike **Translate** pou tradui tout *paj*

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan <https://support.mozilla.org/en-US/kb/website-translation>

Safari

Safari genyen opsyon tradiksyon disponib nan navigatè entènèt yo a.

1. Ouvri Aplikasyon Safari nan Mac
2. Ale nan Paj Entènèt ou vle tradui a. Si nan Paj Entènèt la kapab tradui, sistèm nan ap montre senbòl *Translate la*
3. Klike sou senbòl Translate la epi chwazi lang prefere ou a.

Edge

Microsoft Edge otomatikman mande pou tradiksyon si paj entènèt la montre yon lang ki diferan de lang prefere ou a nan sistèm Edge la. Yo konsidere yon lang etranje si li pa enkli nan lis sistèm lang prefere (***Preferred Languages***). Pou ajoute oswa retire yon lang nan lis la, nan *Microsoft Edge*, ale nan **Settings and more > Settings > Languages**.

Si yo pa ajiste paramèt (settings) yo kòrèteman, yon itilizatè kapab manyèlman tradui paj entènèt la nan swiv etap yo bay pi anba a.

1. Chwazi senbòl tradui a nan *Address bar* a,
2. Nan menu **Translate to** a, chwazi nan ki lang ou vle tradiksyon an.
3. Chwazi *Translate*.

Aparèy Mobil yo (Mobile Devices)

Google Chrome, Firefox, ak Edge nan aparèy mobil yo genyen opsyon pou tradui paj entènèt nan chwazi paramèt (setting) nan Navigatè Aplikasyon an, epi chwazi Translate.


Aplikasyon Safari sou aparèy mobil genyen yon opsyon tradui tèks soulinye men yo kapab telechaje yon ekstansyon pou tradui tout paj la.

1. Ouvri *App Store* nan *iPhone* oswa *iPad* ou
2. Chèche *Website Translator*




SONJE Fè sèten ou telechaje Ekstansyon Website Translator (Ekstansyon tradiktè sit entènèt) pou aplikasyon Safari jan yo montre la a.

3. Ouvri aplikasyon epi chwazi lang prefere a.



4. Fèmen aplikasyon an epi ouvri Safari

5. Nan paj entènèt Safari, peze *Share* epi desann pou chwazi Translate



6. Safari ap ouvri Aplikasyon Translater Extension a nan lang prefere ou a.